# QARAQALPAQ HAYAL-QIZLARINIŃ DÁSTÚRIY BEZENIW BUYIMLARINDA SIRǴALARDIŃ ORNI

**Nuralieva Mayra,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi numizmatika bólim baslıǵı*

**Ramanova Ulperi Bekbay qızı,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi etnografiya bólimi jetekshi qániygesi*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19606509

***Annotaciya.*** *Bul ilimiy maqalada qaraqalpaq xalqınıń dástúriy zergerlik ónerinde sırǵanıń tutqan ornı, onıń estetikalıq, sociallıq, mádeniy hám simvolikalıq áhmiyeti ilimiy jaqtan tallanadı. Izertlew procesinde sırǵalardıń túrleri, paydalanılǵan shiyki zatları, bezew elementleri, olardıń xalıq úrp-ádetleri hám máresimleri menen baylanıslılıǵı sáwlelendirilip beriledi. Sonday-aq, sırǵalardıń hayal-qızlar turmısındaǵı ornı, jas hám sociallıq statusın bildiriwdegi áhmiyeti ashıp berilgen. Izertlew nátiyjeleri milliy mádeniy miyrastı qásterlep saqlaw hám keleshek áwladlarǵa jetkeriwde áhmiyetli ilimiy derek bolıp xızmet etedi.*
***Tayanısh sózler:*** *Qaraqalpaq zergerligi, sırǵa, shtaq, halqaplı sırǵa, búrshikli sırǵa, milliy naǵıs, dástúr, mádeniy miyras.*

***Abstract.*** *This scientific examines article, the role of earrings in the traditional jewelry art of the Karakalpak people, its aesthetic, social, cultural, and symbolic significance from a scholarly perspective. In the course of the research, the types of earrings, the raw materials used, the elements of the ornamentation, and their connection with folk customs and rituals will be highlighted. The role of earrings in women's lives, their significance in expressing age and social status, is also revealed. The research results serve as an important scientific source in preserving national cultural heritage and passing it on to future generations.*
***Keywords:*** *Karakalpak jewelry, earrings, shaped, earring with pendants, national pattern, tradition, cultural heritage.*

Qaraqalpaq xalqınıń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatı ózine tánligi, bay tariyxıy tamırlarına iye ekenligi menen ajıralıp turadı. Bul mádeniyattıń quramalıq bólimlerinen biri zergerlik óneri bolıp, ol xalıqtıń estetikalıq kóz qarasları, dúnya qarası, sociallıq qatnasıqları hám úrp – ádetlerin ózinde jámleydi. Qaraqalpaqlar zergershilik penen burınnan shuǵıllanǵan. Qaraqalpaq zergerligi áyyemgi kóshpeli hám yarım kóshpeli turmıs tárizi menen tıǵız baylanıslı halda qáliplesken. Arxeologiyalıq tabılmalar sonı kórsetedi, qaraqalpaq aymaǵında biziń eramızdan burıngı dáwirlerde – aq metallǵa islew beriw dástúrleri bolǵan. Qaraqalpaq taǵınshaqları tiykarınan gúmisten islengen bolıp, bul metall xalıq iseniminde tazalawshı hám qorǵawshı qásiyetke iye dep qaralǵan.

XIX ásirdiń aqırında hám XX ásirdiń basında hár bir úlken awılda óz zergeri bolǵan. Ol óz awılınıń hám qońsı awıllardıń, ádewir kishi awıllardıń wájlerin pitkerip turǵan. Al, házirgi waqıtta respublikamızda zerger ustalar oǵada siyrek ushırasadı.

Zergerlik qaraqalpaq xalqınıń materiallıq mádeniyatınıń az úyrenilgen tarawı bolıp tabıladı. Ónermentshiliktiń bul túri etnografiyalıq materiallarda usı waqıtqa shekem oǵada az ashıp kórsetilgenligi, olar Orta Aziyanıń basqa xalıqlarınıń zergerlik buyımlarınan parq etetuǵını aytıp ótilgen. [1, b.27-39]

Qaraqalpaq zergerleri hayal – qızlardıń hár qıylı bezew zatlarınan sırǵa, bilezik, júzik, qarsıilgek, háykel, óńirmonshaq, hár qıylı túymeler, tumarsha, árebek, sáwkele, ayshıq, giltbaw hám basqada bezew buyımların islegen. Olardı taǵılıwına qaray bas bezeniw, kókirek bezeniw hám qol bezeniw buyımları taqlette bólgen. Usı zergerlik buyımları arasında bas bezeniw buyımı bolǵan sırǵalar eń áyyemgi hám ǵalabalıq bezew túrlerinen biri bolıp, olar hayallardıń kúndelikli turmısında áhmiyetli orın iyeleydi. [2, b.16] Sırǵa – qulaqqa taǵılatuǵın zergerlik buyımı bolıp, ol estetikalıq, sociallıq hám simvollıq wázıpalardı atqaradı. Qulaqqa taǵılatuǵın sırǵanıń túri oǵada kóp boladı. Olar hayal – qızlardıń jasına qarap bir neshe túrlerge bólinedi. Qızlar taǵatuǵın sırǵa halqaplı sırǵa (basqasha atları: sobıqlı sırǵa, baldaqlı sırǵa, silsineli sırǵa). Hayallar ushın búrshikli sırǵa, shiyratpalı sırǵa dástúr bolǵan. [3,b.96-97].

Halqaplı sırǵa qulaqqa taǵatuǵın bólekten hám olardı tutasturatuǵın silsineli (japıraq tárizli shtaq) halqaptan, yaǵınıy yarım dóńgelekten ("halqa" dóńgelek degen sóz) turadı. Gúmis sımǵa gúmis qańıltırdan islengen sobıq bekitiledi. Onıń tómeni joqarı jaǵına qaraǵanda keńirek keledi, basına hám túbine sonday gúmis qańıltırdan islengen dóńgelek ornatılǵan. Tómeni domalaq joqarǵıdan úlken jáne onıń túbinde biriktirilgen 5 mayda búrshik (ǵoza) yamasa ushqırlı qosımsha boladı. Joqarǵı hám tómengi domalaqlardıń dállik júyinen bir neshe qulaq salınıp, oǵan shınjır arqalı japıraq taqiletli shtaqlar (silsine) bekitiledi. Geypara sırǵalarda silsineniń murtında bir – ekiden mayda qızıl marjan monshaq boladı. Bunday sırǵalardıń geyparalarınıń tómengi úlken domalaǵınıń túbi úsh qırlı bolıp keledi. Onıń qırlarında astı jaǵınan ótkir nárseler menen urıp islengen ǵuj-ǵuj bólshekler boladı.

Halqaplı sırǵanıń domalaǵı (ǵozası) eki bólekten qurastırılǵan. Onıń eki bólegin biriktirip turǵan júyi kepserlengenen keyin mayda sım menen espelenip bir neshe qatar etip bezeledi. Sırǵanıń qulaqqa ótkeretuǵın ilmegi menen joqarǵı domalaǵınıń aralıǵı sım menen oralǵan boladı. Bul da áyyemnen kiyatırǵan usıl. Halqaplar ádette eki dizbek shınjır bolıp, olar eki qatardı quraydı.

Halqanıń silsinesi (shtaqları) qálipte islenetuǵını sebepli, bir sırǵaǵa qollanılǵan barlıq shtaqlar bir qıylı úlkenlikte hám naǵısları da birdey boladı. Hár bir zergerdiń óziniń qálibi bolǵanı sebepli, shtaqlardıń da túri hám naǵısları kóp. Ayrım halqap sırǵanıń tómengi dizbeginiń ortasında kishkene qaslı taǵınshaq boladı. Onıń tómengi jaǵı jalpaq túyme yamasa háykeldiń bası sıyaqlı úsh japıraq bolıp pitken. Hár bir japıraǵına bir qulaq ornatılıp, oǵan bir – birden kishkene qońıraw taǵılǵan. Halqap sırǵanıń basqa da túrleri boladı. Izertlewlerge qaraǵanda, halqaplı sırǵa áyyem zamanlardan Altaydıń turkey xalıqlarında da bolǵan. Sońınan Orta Aziyaǵa, Edil-Jayıq boylarına taraǵan.

Búrshikli sırǵalar kóbinshe quyma, ol gúmisten islengen jalpaq dóńgelekten hám onı bezeytuǵın mayda búrshiklerden, hár túrli etip búgilgen gúmis sımlardan turadı.

Gúmisten islengen mayda búrshikler sırǵanıń sırtqı jiyegin bir qatar dizbek bolıp bezeydi. Mayda gúmis sımnan islengen qoshqarshaq, ǵumsha taqlettegi naǵıs sırǵanıń ortasına ornalasadı.

Shıyırtpaq sırǵa júdá ápiwayı. Gúmis sımnan orap islengen úsh dóńgelekti biriktirip kepserlep, joqarısına bir shtaq ornatqan. Shıyralǵan dóńgeleklerdiń ekewi teńdey bolıp qatar ornalasadı. Úshinshisi kishilew. Ol ekewiniń tómeninde turadı. Búrshikli hám shıyırtpaq sırǵalarǵa hasıl taslar bolmaǵan. [4,b.62-63].

Sırǵalar toy máresimlerinde kelinniń taǵınshaqları arasında da ayrıqsha áhmiyetke iye bolǵan. Olar kelinniń sulıwlıǵın arttırıw menen birge, jańa ómirge qádem qoyıw belgisi sıpatında qaralǵan. Kóbinshe sırǵalar ana yamasa kempir apası tárepinen miyras etip berilgen. Halqaplı sırǵanı qızlar 12 jasınan turmısqa shıqqannan keyin halqasın alıp qoyıp, qalǵan jaǵın taǵatuǵın bolǵan. Onı qaraqalpaqlar soyaw sırǵa dep ataytuǵın bolǵan.

Zergerler ózleriniń soqqan zatlarına ózleri naǵıs oyıp bezek beretuǵın bolǵan. Zergerler islegen sırǵalarǵa da naǵıs islegen. Olar naǵıslardı oyma, baspa, quyma hám sım tartıw texnikaları arqalı islengen. Naǵıslarda geometriyalıq figuralar, quyash, ay hám ósimlik sıyaqlı bezekler keń qollanılıp, hár biri belgili bir simvollıq mániske iye bolǵan. Ayırım taǵınshaqlarda feruza, marjan sıyaqlı taslar qollanılıp, olar da simvollıq mániske iye bolǵan. [5, b.27-29].

Maqala sheńberinde Qaraqalpaq zergerliginiń tiykarǵı túrleri hám atamaları, qollanılǵan materiallar úyrenildi. Bunda tiykarǵı derek sıpatında "Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi"niń etnografiyalıq hám qımbat bahalı metall fondları jáne zergerlik kollekciyaları esapqa alındı. Qımbat bahalı metallar fondınıń tiykarǵı bóliminde 335 ge shamalas sırǵalar saqlanıp kelinbekte. Solardan 6 danası halqaplı, 100 den zıyat búrshikli hám 76 danası shıyırtpaqlı sırǵalardı quraydı. (Bul maǵlıwmatlar shamalap alındı).

Muzeyler ushın jıynalǵan zatlar - atap aytqanda Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi kollekciyalarındaǵı bezewler - XIX ásirdiń aqırı hám XX ásirdiń baslarına tiyisli bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq hayallarınıń milliy kiyimlerin sırǵasız kóz aldımızǵa keltirip bolmaydı. Sırǵalar hayaldıń jası, shańaraqlıq jaǵdayı, sociallıq dárejesi hám hátte aymaqlıq tiyisliligin kórsetip kelgen. Sol sebepli bul maqalada sırǵalardıń Qaraqalpaq zergerligindegi tutqan ornı hár tárepleme tallanadı. Búgingi kúnde Qaraqalpaq zergerligi dástúriy formasın saqlaǵan halda zamanagóy dizayn menen bayıp barmaqta. Zamanagóy sırǵalarda áyyemgi formalar ápiwayılastırılǵan halda qollanılmaqta. Bul milliy miyrastı saqlaw menen birge, zaman talaplarına beyimlesiw imkaniyatın beredi.

Muzey ekspoziciyalarında sırǵalar milliy lipaslar menen únles halda kórsetilip, tamashagóyge olardıń haqıyqıy ortalıqtaǵı ornın seziw imkaniyatın beredi. Hár bir buyım janındaǵı túsinikler arqalı olardıń jasalıw usılı, qollanılǵan materiallar hám simvolikalıq mánisleri haqqında maǵlıwmat beriledi. Bul bolsa jas áwladta milliy miyrasqa bolǵan qızıǵıwshılıqtı arttıradı.

Juwmaqlap aytqanda zergerlik óneri qaraqalpaq ámeliy kórkem óneriniń ayqın hám ózine tán kórinislerinen biri. Qaraqalpaq xalıq ámeliy kórkem ónerinin basqa túrleri qatarında zergerlik buyımlarınıń shiyki zatı hám óndiris texnikası Oraylıq Aziyanıń basqa xalıqlarınan dúzilisi jaǵınan ajıralıp turǵan. Sonday-aq, zergerlik óneri xalıqtıń etnikalıq tariyxı, mádeniyatı hám ekonomikalıq qatnasıqların úyreniwde bahalı derek esaplanadı. Qaraqalpaq zergerliginde sırǵa tek ǵana bezeniw buyımı emes, al xalıqtıń tariyxıy yadın, estetikalıq kózqarasların hám jámiyetlik qatnasıqların sáwlelendiretuǵın áhmiyetli mádeniy qubılıs bolıp tabıladı. Sırǵalarlar arqalı qaraqalpaq xalqınıń milliy ózgesheligi, dástúrlerge sadıqlıǵı hám kórkem ónerge bolǵan joqarı múnásibeti kórsetiledi. Qaraqalpaq zergerlik ónerin tereńirek úyreniw hám onı keleshek áwladlarǵa jetkeriw bizdiń baslı waziypalarımızdan bir esaplanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Ótemisov A. Qaraqalpaqlardıń óner-kásipleri. Nokis, 1991. 27-39 betler.
2. Allamuratov A. "Qaraqalpaq iskusstvasınıń tariyxınan" Qaraqalpaqstan baspası. Nókis – 1968. 16-bet.
3. Jdanko T. A., Kamalov S. K. Etnografiya Karakalpakov. XIX-nachalo XX veka (Materialı i Issledovaniya) Tashkent izdatelstvo „Fan" Uzbekskoy SSR. 1980. 96-97 betler.
4. Allamuratov A. "Mángi miyras" Nókis "Bilim baspası" – 1993. 62-63 betler.
5. Urazimova T.V, Qurbanova Z, Urazbaeva S.K, "Qaraqalpaq naǵıslaw óneri" Nókis – 2019. 27-29 betler.